

Tretman Antikò Monoklonal pou COVID-19

Tretman antikò monoklonal (monoclonal antibody, mAb) se pou moun ki te teste pozitif pou COVID-19 epi ki pa malad ase pou yo twouve yo nan lopital. Tretman mAb kapab bese kantite viris ki nan kò ou, redwi sentòm yo epi ede evite yon vwayaj lopital. **Tretman mAb pi efikas lè ou resevwa li apre sentòm COVID-19 yo kòmanse, kidonk li enpòtan pou ou fè tès touswit.**

Kisa mAb yo ye?

mAb yo se antikò (pwoteyin kò ou fè pou konbat enfeksyon) ki fèt nan yon laboratwa ki fonksyone menm jan ak antikò sistèm iminitè ou fè. Tretman mAb ede kò ou konbat COVID-19 pandan sistèm iminitè ou kòmanse ap fè pwòp antikò pa li.

Èske tretman mAb san danje?

Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini an te otorize tretman mAb pou itilizasyon ijans. Nan etid klinik yo, tretman yo te revele yo san danje. FDA a kontinye ap siveye tretman yo pou sekirite ak efikasite.

Èske tretman mAb kòrèk pou mwen?

Tretman mAb otorize pou **moun ki te teste pozitif pou COVID-19 epi ki genyen sentòm leje rive modere pandan 10 jou oswa mwens**. Pou resevwa tretman mAb, ou dwe gen laj 12 ane oswa plis, peze omwen 88 liv (40 kilogram) epi reponn ak youn nan kritè sa yo:

Kritè pou Granmoun Laj 18 Ane ak Plis	Kritè pou Timoun ki Gen Laj 12 rive 17 Ane
<ul style="list-style-type: none"> • Genyen yon endèks mas kò (body mass index, BMI) 35 oswa pi wo • Genyen maladi ren kwonik • Dyabèt mellitus tip 1 oswa 2 • Genyen yon maladi poumon alontèm (tankou maladi poumon obstriktif kwonik oswa anfizèm) • Genyen yon pwoblèm ki afebli sistèm iminitè a • Pran medikaman ki afebli sistèm iminitè a • Twouve ant laj 55 ak 64, epi genyen maladi kè oswa tansyon • Genyen laj 65 oswa plis 	<ul style="list-style-type: none"> • genyen yon BMI ki pi wo pase oswa ki egal a 85% pasyan nan menm laj ak sèks la, baze sou tablo kwasans yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (ki disponib nan cdc.gov/growthcharts/cdc_charts.htm) • Genyen maladi anemi falsifòm • Genyen maladi kè • Genyen opresyon oswa yon lòt maladi vwa respiratwa oswa poumon (tankou fibwoz kistik) ki egzije medikaman chak jou • Genyen paralizi serebral oswa yon lòt pwoblèm newodevlòpmantal • Depann de yon teknoloji ki gen rapò ak medsin, tankou trakeyostomi, gastwonomi oswa vantilasyon a presyon pozitif (ki pa gen rapò ak COVID-19)

Si ou pa sèten si wi oswa non ou elijib, pale ak founisè swen sante ou.

Kijan yo bay tretman mAb?

Yo bay tretman mAb pa enjeksyon (intravenous, IV) nan venn. Tretman an pran anviwon inèdtan epi answit yo pral obsève ou pandan inèdtan anplis pou asire ou pa genyen okenn move reyaksyon imedya.

Kisa efè segondè yo ye?

Reyaksyon alèjik yo trè ra men yo kapab rive pandan oswa apre enjeksyon IV a. Efè segondè tretman mAb gendwa gen ladan:

- Yon reyaksyon nan espas IV a, gen ladan doulè, anfleman, senyen, kontizyon oswa yon enfeksyon
- Kè plen, vomi oswa dyare
- Demanjezon, gratèl oswa itikè

Yo gendwa idantifye lòt efè segondè pandan etid sou tretman sa a ap kontinye. Si ou ap eksperimante sentòm ki nouvo oswa ki anpire apre enjeksyon IV a, gen ladan lafyè, difikilte pou respire, batman kè rapid oswa lantman, fatig, feblès oswa konfizyon, kontakte pwofesyonèl ou touswit. Rele **911** oswa ale nan depatman ijans ki pi pre ou si sentòm yo vini pi grav oswa si yo anpire.

Ki kote mwen kapab jwenn tretman mAb?

Pale ak pwofesyonèl ou pou konnen si wi oswa non ou ta dwe pran ak fason pou pwograme tretman mAb. Vizite hitesite.org/monoclonalantibody pou jwenn pozisyon pou tretman. Ou kapab pale tou ak yon doktè Sant + Lopital NYC (NYC Health + Hospitals) lè ou vizite expresscare.nyc epi klike sou "Talk to a Doctor Now" (Pale ak yon Doktè Kounye a) oswa lè ou rele 212-268-4319.

Konbyen tretman mAb koute?

Plan Medicaid ak Medicare yo kouvri tretman mAb gratis. Si ou genyen asirans prive, verifye avèk etablisman ki ap trete ou a ak plan sante ou sou depans yo. Sant + Lopital NYC ap bay tretman ak swen kèlkeswa estati imigrasyon oswa kapasite pou peye.

Èske mwen kapab toujou pran yon vaksen kont COVID-19 apre mwen resevwa yon tretman mAb?

Wi, men ou ta dwe tann 90 jou apre tretman mAb a avan ou pran yon vaksen kont COVID-19.

Èske mwen kapab toujou pan tretman mAb si mwen te deja pran yon vaksen kont COVID-19?

Wi. Si ou genyen sentòm COVID-19 yo epi ou teste pozitif, ou kapab resevwa tretman mAb.

E si mwen pa te fè tès pou COVID-19?

Si ou genyen sentòm COVID-19 yo, tankou lafyè, tous, souf kout, malgòj, maltèt, pa ka pran gou oswa pran sant, oswa otreman ou pa santi ou byen, fè tès touswit.

Vizite nyc.gov/covidtest pou jwenn yon sit tès toupre ou.

Kijan mwen kapab aprann plis sou tretman pou COVID-19 yo?

Ou kapab aprann sou diferan opsyon tretman pou COVID-19 yo lè ou vizite combatcovid.hhs.gov oswa infusioncenter.org.

